# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–14 फरवरी 2026 भोजपुरी समाचार

केन्द्रीय मंत्रिमंडल नोएडा सेक्टर एक सौ बयालीस से बॉटनिकल गार्डन ले नोएडा मेट्रो रेल परियोजना के एगारह दशमलव छप्पन किलोमीटर लम्बा अउर आठ एलिवेटेड स्टेसन वाले एक्सटेंशन कॉरिडोर के मंजूरी दे दिहले हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क अध्यक्षता में कालि्ह भइल केंद्रीय मंत्रिमंडल क बइठकी में ई फइसिला लिहल गइल।

सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलें हवें कि कालि्ह साउथ ब्लॉक में मंत्रीमंडल क आखिरी बइठकी भइल रहल। नई दिल्ली में संवाददाता लोगिन के संबोधित करत श्री वैष्णव कहलें कि अब मंत्रिमंडल क बइठकी सेवा तीर्थ में होई।

**सेवा तीर्थ में सारी कैबिनेट होंगी, कल इस अवसर पर कैबिनेट में एक रेजोल्यूशन पास हुआ है। 13 फरवरी 2026 को प्रधानमंत्री श्री नरेन्द्र मोदी जी द्वारा नया प्रधानमंत्री कार्यालय जिसे अब सेवा तीर्थ के नाम से जाना जाएगा राष्ट्र को समर्पित किया गया है। यह केवल स्थान परिवर्तन का क्षण नहीं है, यह इतिहास और भविष्य के संगम के भी पल हैं।**

नोएडा मेट्रो रेल परियोजना क नोएडा सेक्टर एक सौ बयालीस से बॉटेनिकल गार्डन, नोएडा तक ले विस्तार गलियारा सहर क बुनियादी ढांचा क विकास में एगो खास उपलब्धि हौ। ई परियोजना सहर में मेट्रो रेल नेटवर्क क एगो बड़हन विस्तार हौ।

येह गलियारा के चालू भइले पर नोएडा अउर ग्रेटर नोएडा सहर में एक्सठ दसमलव छह दो किलोमीटर क सक्रिय मेट्रो रेल नेटवर्क हो जाई।

**नोएडा मेट्रो एक्वा लाइन को एक्सटेंशन किया जाएगा, 2254 करोड़ रूपीस के इन्वेस्टमेंट से। बोटैनिकल गार्डन जो कि राजीव चौक की तरफ जाता है, वह स्टेशन और इधर नोएडा सेक्टर 142 फिर 143, 144 ओवर ऑल एनसीआर की कनेक्टिविटी में इस प्रोजेक्ट की बहुत इंपॉर्टेंस होगी। क्योंकि इन सब जो इस लाइन के साथ कनेक्टेड एरियाज हैं, वह सब के सब डीएमआरसी के ओवरऑल नेटवर्क के साथ जुड़ जाएंगे।**

मंत्रिमंडल एक लाख करोड़ रुपिया क कुलि केन्द्रीय सहजोग के साथे अरबन चैलेंज फंड क सुभारंभों के मंजूरी दिहले हौ। भारत क बढ़ि रहल स्टार्टअप इकोसिस्टम के एगो बढ़हन प्रोत्साहन देत मंत्रीमंडल स्टार्टअप इंडिया फंड ऑफ फंड्स के दूसरा फेरा क स्थापना के मंजूरी दे दिहले हौ। एकर उद्देश्य देस क स्टार्टअप इकोसिस्टम के बढावा देवे बदे पूंजी जुटावल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो केंद्रीय मंत्रिमंडल के येह फइसिला के ऐतिहासिक बतवले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से श्री योगी कहलें हवें कि बॉटनिकल गार्डन से नोएडा सेक्टर एक सौ बयालीस ले बने वाली ई  एगारह दसमलव छौ किलोमीटर लमहर परियोजना लाखों यात्रियन बदे आवाजाही के बहुते आसान बनाई। येह बढ़ोत्तरी में आठ नया एलिवेटेड स्टेसन बनी अउर बॉटनिकल गार्डन एगो प्रमुख इंटरचेंज हब के रूप में उभरी ई फइसिला न त खाली क्षेत्रीय विकास के गति देई बलुक नोएडा के देस क प्रमुख मनुफैक्चरिंग आ सर्विस हब के रूप में अउर मजबूत करी।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर क जंगल कौड़िया विकास खंड में फिर से बनल खंड विकास अधिकारी कार्यालय क उद्घाटन अउर नया बनल सभागार क लोकार्पण कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस क विकास अउर गरीबन क समग्र कल्याण उत्तर प्रदेस सरकार क सर्वोच्च प्राथमिकता हौ। श्री योगी कहलें कि कैम्पियरगंज में बने जा रहल प्रदेस क पहिला वानिकी एवं उद्यान विज्ञान विश्वविद्यालय–फॉरेस्ट्री एण्ड हार्टिकल्चर यूनिवर्सिटी क डिग्री नौजवानन बदे नोकरी क गारंटी होई।

**गोरखपुर में आप देखते रहे होंगे फर्टिलाइजर बंद हो गया था, लोग बोलते थे कि नहीं खुलेगा। हम लोग बोलते थे कि खुलेगा चिंता क्यों करते हो। आज फर्टिलाइज चालू हो गया न। एम्स गोरखपुर में बन गया न। बीआरडी मेडिकल कॉलेज की स्थिति को सुधार दिया न। मेडिकल कॉलेज से लोगों को बेहतर स्वास्थ्य की सुविधाएं मिल रही हैं। पिपराइच में चीनी मिल चल रही है। कंप्रेस्ड बायो गैस का एक धुलियापार में हमलोग लगा चुके हैं। गीडा में उद्योग ही उद्योग है। बहुत बड़ा कार्य हो रहा है। इन कार्यों को आगे बढ़ाने के लिए हम एक नई दिशा में कार्य करेंगे।**

**********

महाशिवरात्रि तिउहार के मौका पर बाबा विस्वनाथ क नगरी बनारस में होखे वाली संभावित भीड़ि, शिव बारात आयोजन अउर घाटन पर भीड़ि नियंत्रण के लेके मजिगर तइयारी कइल जा रहलि हौ। अपर पुलिस आयुक्त शिवहरि मीणा संबंधित अधिकारियन, नाविकन अउर सिव बारत आयोजकन के साथे विस्तृत बइठकी कइ के सुरक्षा, यातायात आ अउरियों  इतिजाम के लेके कडेर निरदेस जारी कइले हवें। प्रसासन, सरधालुअनों से यातायात अउर सुरक्षा नियमन क पालन करे क अपीलि कइले हौ।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूर्वी अ पश्चिमी जिलन में मौसम सुष्क रहले क आगम जतवले हौ। विभाग के हिसाबि से अगिला सात दिन में अधिकतम तापमान में करीब दुइ से तीन डिग्री बढोत्तरी क आगम हौ। अगिला पांच दिन में न्यूनतम तापमान में  तीनि से पांच डिग्री क बढोत्तरी क आगम हौ।

**********